



City of Cambridge

Sèvis Vil la ke COVID-19 Afekte

Pandan kriz sante piblik sa a, Vil la pran angajman pou diminye pwopagasyon COVID-19 epi kenbe kominote nou yo an sante nan nivo ke sa posib.

Ouvri / Nan Delè yo Prewwa

- Kòlèk fatra ak konpòs nan delè yo prewwa. Tanpri mete poubèl konpòs yo deyò ak fatra nòmal ke nou ranmase.
- Resiklaj fèt nan delè ke yo prewwa.
- Pak yo ouvri pou mache ak jogging, men li enpòtan anpil pou konsève yon distans 6 pye ant oumenm ak lòt moun yo pou limite pwopagasyon jèm.

Fèmen / Anile Jiska Nouvèl Òd

- Tout biwo Vil Cambridge ak tout pwogram ak evènman Vil la.
- Tout biblyotèk Cambridge yo
 - o Rezidan ki genyen yon kat Cambridge Public Library (Biblyotèk Piblik Cambridge) ka jwenn aksè sèvis elektwonik tankou Liv Elektwonik, liv odyo, magazin, jounal, mizik, ak fim sou òdinatè oswa aparèy mobil - www.cambridgema.gov/cpl/eLibrary
- Tout pak amizman, teren baskèt, teren tenis, ak teren jwèt fèmèn
- Community Learning Center (Sant Aprantisaj Kominotè) ak Multi-Service Center (Sant Milti-Sèvis)
-
- Cambridge Senior Centers / Council on Aging (Sant Granmoun Aje Cambridge / Komisyon pou Vyeyisman)
- War Memorial Recreation Center (Sant Detant Memoryal Lagè)
- Cambridge Recycling Center (Sant Resiklaj Cambridge)
- Yo pa egzije peye paking jiska nouvèl òd.
- Pèmi Paking Rezidan ak Vizitè 2019 (ki ta dwe perime 31 mas 2020) ka kontinye sèvi jiska nouvèl òd.

Lòt

- Yo RETADE kòmansman Netwayaj Lari jiska 1ye me
- Simetyè Cambridge rete ouvri ak restriksyon - Yo mande vizitè yo pou konsève yon distans omwen 6 pye ant yomenm ak lòt moun. Baryè yo ap rete fèmèn pandan seremoni bò tonb akòz direktiv eta a sou rasanbleman 25 moun oswa plis.

Pou plis enfòmasyon, vizite www.cambridgema.gov/COVID19